



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KE MONIMAN NAN ETA YO PRAL LIMEN NAN
KOULÈ VYOLÈT, BLE, WOUJ AK WOZ POU SELEBRE KANPAY #BEKIND21
BORN THIS WAY FOUNDATION LAN**

11 moniman nan Eta a pral limen

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a onz moniman nan eta a pral limen nan koulè vyolèt, ble, wouj ak woz nan madi 21 septanm nan selebrasyon kanpay anyèl #BeKind21 Born This Way Foundation lan pou konstwi kominote ki pi janti, pi konekte ki ankouraje byennèt mantal.

"Jèn yo jodi a fè fas ak deklanchè estrès yo pou sante mantal ki te inimajinab pou jenerasyon yo sèlman kèk deseni pase", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li enpòtan anpil pou nou ankouraje byennèt mantal pami yo epi asire yo jwenn aksè ak resous pou kenbe yo an sekirite ak an sante. Mwen vle remèsye Lady Gaga ak Born This Way Foundation pou travay san pran souf yo epi fè yo konnen Eta New York avèk yo nan chak etap sou wout la".

Lady Gaga, Ko-fondatris Born This Way Foundation, te deklare, "Mwen renmen eta mwen an anpil, epi nan 21 septanm, mwen eksite pou monn lan pou temwaye kijan Nouyòkè yo gide ak enspire avèk jantiyès. Epi pandan n ap selebre fen kanpay #BeKind21 an, nou kontinye fè apèl pou aksyon pou nou ka kenbe jantiyès la vivan. Monn lan te lou tou dènyèman epi, pafwa, bagay yo parèt tèlman fènwa pou anpil moun ke li kapab difisil pou jwenn espwa. Kidonk, an nou leve youn lòt epi an nou klere wout la avèk byenveyans nan New York ak tout kote".

Pami moniman yo pral limen yo genyen:

- Governor Mario M. Cuomo Bridge
- Kosciuszko Bridge
- The H. Carl McCall SUNY Building
- State Education Building
- Alfred E. Smith State Office Building
- State Fairgrounds - Main Gate & Expo Center
- The "Franklin D. Roosevelt" Mid-Hudson Bridge
- Grand Central Terminal - Pershing Square Viaduct
- Albany International Airport Gateway
- The Lake Placid Olympic Jumping Complex

- MTA LIRR - East End Gateway at Penn Station

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)